



# DWA ANPLWAYE IMIGRAN YO ANBA LWA RELASYON NASYONAL NAN TRAVAY

Kèlkeswa kondisyon w antank imigran, anba Lwa Relasyon Nasyonal yo nan Travay (NLRA) a, ou gen menm dwa ak tout lòt anplwaye ki gen pwoteksyon, tankou dwa pou w:

- Òganize w ak yon sendika ki pou negosye nan non w ak patwon w konsènan salè w ap touche, kantite èdtan w travay, benefis ou yo ak lòt kondisyon travay ou yo.
- Diskite sou kondisyon travay ou yo ak konpayon travay ou yo, piblik lan, oubyen yon sendika.
- Inisye aksyon ak konpayon travay ou yo pou w kapab amelyore kondisyon travay ou yo.
- Chwazi pou w pa fè okenn nan aksyon sa yo.

Byenke patwon yo dwe obeyi lwa imigrasyon yo, si w chwazi pou w pale ak konpayon travay ou yo, oubyen antreprann aksyon ak yo pou amelyore kondisyon kote w ap travay yo, li pa legal pou patwon w lan itilize kondisyon w antank imigran kont ou.

Pa egzanp:

- Patwon yo pa kab menase y ap rele ICE paske oumenm ak konpayon w yo t ap eseye antre nan yon sendika.
- Patwon yo pa ka egzije pou w montre yo lòt dokiman imigrasyon paske w te pale ak konpayon travay ou yo oubyen ak yon sendika sou kondisyon yo nan travay ou an.

**Si w kwè ke patwon w lan ap poze zak pou l pini w, pou l pini konpayon w yo, oubyen sendika w lan, ou kab pran kontak ak Komite Nasyonal relasyon nan Travay yo [National Labor Relations Board (NLRB)] pou w pòte plent. “NLRB” an pral fè investigasyon apati plent lan, kote l kapab:**

- Pran deklarasyon w lan sou sèman, epi mande w bay prèv. Paske menm jan ak tout lòt travayè ou anba pwoteksyon NLRA, epi paske sityasyon imigrasyon yon moun pa gen anyen pou l wè avèk vyolasyon ki ta rive, NLRB pa pral poze kesyon sou kondisyon w yo nan imigrasyon oubyen sityasyon lòt moun nan imigrasyon pandan y ap mennen ankèt yo an oubyen pwosè an pou yo pwouve te gen vyolasyon NLRA.
- NLRB an kapab mete aksyon legal anmach kont patwon w lan si gen prèv ki montre ke patwon w lan itilize ilegalman sityasyon w nan imigrasyon pou l menase w oubyen vanje kont ou paske w ap egzèse dwa yo anba NLRA a. NLRB kapab travay ak lòt ajans tou pou l asire l ke pa gen kote y ap itilize lwa imigrasyon yo pou menase oubyen tire revanch kont travayè k ap egzèse dwa yo anba NLRA a.
- Si patwon w lan revoke w paske w te egzèse dwa w yo anba NLRA a, NLRB pral travay pou w rejwenn travay ou an epi pou l fè yo peye w salè sa w pèdi yo. Men si patwon an pwouve ke w pat gen otorizasyon pou w travay, NLRB an pap ka pase patwon w lan lòd pou l peye kòb sa w pèdi yo, epitou li posib pou l pa kapab replase w nan travay ou an. Nan sityasyon sa yo, NLRB pral chèche lòt remèd kote li kap travay tou avèk ajans imigrasyon yo pou l jwenn asistans pou anplwaye ki victim anba vyolasyon dwa travay yo. Pa egzanp, NLRB kapab konsidere si wi ou non ou ta kapab elijib pou yon viza U oubyen T, oubyen pou aksyon defere, epi li kab travay avèk ajans imigrasyon yo pou l eseye jwenn kalite solisyon sa yo.

**Pran kontak ak NLRB: [www.nlrb.gov](http://www.nlrb.gov), 1-866-667-NLRB,  
oubyen telechaje app mobil nou an!**